



Pou Piblikasyon Imedya: 17/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AMELYORASYON SÈVIS SOU 24 WOUT BIS MTA NAN VIL NOUYÒK

*Uit wout otobis eksprès ak 16 wout otobis lokal yo pral ofri tan datant ki pi kout
ak sèvis ki plis fyab*

*Ekspansyon apre yon ane ogmantasyon tren nan tout sistèm nan ak rabè ak
ankourajman pou tren transpò yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke MTA a pral amelyore sèvis sou 24 wout otobis atravè Vil Nouyòk apati prentan sa a pou ede diminye depasman transpò piblik yo epi fè vwayaj pi fasil pou rezidan yo atravè senk minisipalite Vil Nouyòk yo.

"Nouyòkè yo merite pi bon sèvis otobis ki pi rapid — epi se egzakteman sa investisman nou yo pral bay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou amelyore wout otobis yo atravè minisipalite deyò yo, n ap fè vwayaj yo pi kout, asire sèvis ki pi fyab epi bay opsyon transpò abòdab pou plizyè milyon pasaje."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Otobis yo se motè ekite nan vil nou an – ki konekte Nouyòkè yo nan zòn ouvriye ak zòn klas mwayèn yo ak travay, edikasyon, magazen, ak tout sa vil la gen pou ofri. Pandan n ap kontinye abòde flewo anbouteyaj sikilasyon an – espesyalman enpak ekonomik, anviwònmantral ak sekirite yo – MTA kontinye priyorize sèvis pou pasaje bis nou yo."

Prezidan Transpò an komen Vil Nouyòk Demetrius Crichlow, te deklare, "Nou te revize rezo otobis la epi nou te idantifye opòtinite pou amelyore sèvis yo lè nou ogmante frekans ak/oswa fè ajisteman tan pakou sou wout prensipal bis yo. Amelyorasyon sèvis otobis sa yo fèt pou atire pasaje yo ak transpò piblik ak opsyon vwayaj adisyonèl ki abòdab, rapid ak pratik."

Men yon lis wout otobis k ap fonksyone ak plis frekans oswa ajisteman tan pakou ki ankouraje pi gwo regilarite sèvis anba a:

Bronx

- [Bx10](#) (Riverdale-Norwood)
- [Bx17](#) (Port Morris-Fordham Plaza)

- [Bx23](#) (Co-op City-Pelham Bay Park Station)
- [Bx28/Bx38](#) (Co-op City-Fordham Center)

Brooklyn

- [B17](#) (Crown Heights-Canarsie)
- [B26](#) (Fulton St-Ridgewood)
- [B74](#) (Sea Gate-Stillwell Avenue Station)
- [B103](#) (Canarsie-Downtown Brooklyn)
- [BM2](#) (Canarsie-Avenue H-Midtown/Downtown)
- [BM5](#) (Spring Creek-Linden Blvd-Woodhaven Blvd-Midtown)
- [X27](#) (Bay Ridge-Midtown/Downtown)

Queens

- [BM5](#) (Spring Creek-Linden Blvd-Woodhaven Blvd-Midtown)
- [Q13](#) (Flushing-Ft. Totten)
- [Q28](#) (Bayside-Flushing)
- [Q35](#) (Rockaway Park-Midwood)
- [Q43](#) (Jamaica-Floral Park)
- [Q66](#) (Flushing-Long Island City)
- [Q69](#) (Long Island City-Astoria)
- [QM15](#) (Lindenwood-Cross Bay Blvd-Woodhaven Blvd-Midtown)

Staten Island

- [S46/S96](#) (Castleton Avenue)
- [S79 SBS](#) (Staten Island Mall-Bay Ridge)
- [SIM1C](#) (Eltingville-Hylan Blvd-Midtown/Downtown)
- [SIM4C](#) (Huguenot-Richmond Av-Midtown/Downtown)
- [SIM23](#) (Annadale-Arden Av-Midtown)
- [SIM24](#) (Prince's Bay-Huguenot Av-Midtown)

Anons sa a swiv [ogmantasyon sèvis tren nan tout sistèm nan](#) ki te anvigè ant jiyè 2023 ak jiyè 2024:

- Nan dat 2 jiyè 2023, Transpò Komen Vil Nouyòk (New York City Transit) MTA te ogmante frekans sèvis wikenn sou liy G, J ak liy M yo. Ogmantasyon sèvis la ta gen tren ki rive chak uit a nèf minit olye pou yo rive chak 10 a 11 minit.
- Lendi 7 out 2023, Transpò Komen Vil Nouyòk MTA te kòmanse opere tren C yo chak uit minit olye pou yo rive 10 minit nan jou lasemèn yo.
- Samdi 12 out 2023, Transpò Komen Vil Nouyòk MTA [te amelyore sèvis nan wikenn](#) sou liy 1 ak 6, ak tren k ap vini a peprè sis minit olye pou rive chak uit minit.
- Lendi 28 out 2023, Transpò Komen Vil Nouyòk MTA [te amelyore sèvis lasemèn](#) sou liy N ak R yo, ak tren ki rive chak uit minit olye pou yo rive chak 10 minit ant 10 a.m. ak 4 p.m. sou N lan ak ant 11:30 a.m. ak 4 p.m. sou R la nan jou lasemèn yo.
- Nan dat 17 desanm 2023, Transpò Komen Vil Nouyòk MTA te ogmante sèvis nan aswè sou liy C, N ak R yo, epi pandan midi sou liy G a.

- Le 1e jiyè 2024, Transpò Komen Vil Nouyòk MTA [te pote frekans sèvis yo chak uit minit](#) nan sèvis lasemèn nan mitan jounen an ak aswè sou liy B, D, J ak M yo, epi li te ajoute sèvis wikenn sou liy 3 ak 5 liy pou pèmèt tren opere chak 10 minit.

Depans amelyorasyon sèvis otobis yo pral 8 milyon dola an 2025, yo pral peye atravè Kont Transpò Minisipalite Eksteryè yo, ki te etabli pa Lejislati a avan pri anbouteyaj pou amelyore sèvis transpò nan minisipalite eksteryè yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)